Ki jan w ka vin zanmi Bondye? (1ye pati)

Li baze sou chapit 12 nan liv *Ki sa Labib kapab anseye nou?* an ki disponib sou jw.org.

OBJEKTIF: Chèche konn plis sou sa w kwè yo ak rezon ki fè w kwè nan yo, egzamine sa Labib anseye epi chèche jwenn fason pou w esplike lòt moun sa w kwè yo.

ÈSKE L POSIB POU W VIN ZANMI BONDYE?

1 CHÈCHE KONN PLIS SOU SA W KWÈ YO

Poukisa kèk moun gendwa di non?

Poukisa kèk moun gendwa di wi?

Ki sa *ou menm ou* kwè?

Poukisa w kwè sa?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

2 EGZAMINE SA LABIB ANSEYE

Moun fidèl ki t ap viv nan tan biblik yo te zanmi Bondye.

(Gade chapit 12 nan liv *Anseye nou* an, paragraf 1-3.)

Li Dànyèl 9:23, Travay 13:22 ak Jak 2:23.

Site twa moun Bondye te konsidere kòm zanmi l.

Li Jenèz 22:18.

Poukisa Bondye te konsidere moun sa yo kòm zanmi l? (Yon ti poul: Gade Sòm 25:14.)

Menm jan moun ki bon zanmi yo soutni youn lòt lè gen malè, pi bon Zanmi nou an, Jewova, toujou la lè nou bezwen l.

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

Jewova bay zanmi l yo fòs pou yo fè sa ki dwat.

(Gade chapit 12 nan liv *Anseye nou* an, paragraf 4-5.)

Li 2 Kwonik 16:9.

Selon vèsè sa a, ki sa Jewova chofe pou l fè?

Li Sòm 32:8; 55:22.

Ki de fason Jewova ede zanmi l yo?

Ki jan w santi w lefètke w konnen Jewova vle w vin zanmi l?

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania

3 ESPLIKE LÒT MOUN SA W KWÈ YO

SI YON MOUN DI W…

Piske Bondye Toupisan, li enposib pou lèzòm pwoche kote l.

OU GENDWA REPONN…

Gen anpil moun ki panse sa. Men, mwen pa kwè sa paske...

_____

_____

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ta ka rezone sou vèsè sa a toutpandan w gen sa moun nan di a nan lespri w?

_____

SI YON MOUN DI W…

Se moun espesyal sèlman ki ka vin zanmi Bondye.

OU GENDWA REPONN…

Se vre Bib la fè n konnen gen kèk bagay estrawòdinè zanmi Bondye yo te fè. Men, mwen kwè *nenpòt moun* kapab vin zanmi Bondye paske...

_____

_____

Ki vèsè w te ka li ak moun nan?

_____

Ki jan w ta ka rezone sou vèsè sa a toutpandan w gen sa moun nan di a nan lespri w?

_____

www.jw.org © 2016 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania